

**PITUTUR LUHUR ING WEWALER IBU NGGARBINI
SAHA SASAMPUNIPUN NGLAHIRAKEN WONTEN
MASYARAKAT JAWI ING DHUSUN TEPUS
KECAMATAN MOJOGEDHANG KABUPATEN KARANGANYAR
PROVINSI JAWA TENGAH.**



**PROGAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH
FAKULTAS KEGURUAN DAN ILMU PENDIDIKAN
UNIVERSITAS VETERAN BANGUN NUSANTARA SUKOHARJO**

2025

SARIPATI

DONNY NASRUL NUGRAHA HADI SAPUTRA. NIM 1950900004

Pitutur Luhur Ing Wewaler Ibu Nggarbini Wonten Ing Masyarakat Jawi Dhusun Tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar Provinsi Jawa Tengah, Skripsi Program Studi Pendidikan Bahasa dan sastra Daerah, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo.2025.

Panaliten punika **nggadhahi tujuan** mendheskresekaken Pitutur Luhur Ing Wewaler Ibu Nggarbini Wonten Ing Masyarakat Jawi Dhusun Tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar.

Landhesan teori ingkang minangka dhasaring panyerat inggih punika; Kebudayaan, Pangertosan Kebudayaan, Wujud Kebudayaan, Pitutur Luhur, Wewaler, Mitos, Nggarbini, Cengkoronganbing Pamikir.

Jinising Panaliten ingkang dipun ginakaken inggih punika panaliten kualitataif deskriptif, dhata, sumber dhata, Teknik ngempalaken dhata, Teknik validitas dhata, Teknik analisis dhata.

Kasil utawi uwohing panaliten ngetingalaken 1) bilih Wewaler ibu nggarbini saha wewaler Ibu sasampunipun nglahiraken saestu mlampah wonten ing Dhusun Tepus Kecamatan Mojogedhang. 2) Wewaleripun ibu nggarbini, wewaler ing tindhakan, wewaler ucapan, wewaler dhaharan, dene semahipun ibu nggarbini inggih wonten wewaleripun. 3) Kejawi nindakaken wewaler ibu nggarbini ugi ngunjuk jampi lan panyuwunan dhumateng Gusti Allah SWT supados badan sariranipun ibu nggarbini tetep saras sae ibunipun ugi bayinipun. Para generasi mudha wonten saperangan ingkang pitados, wonten ugi saperangan mboten pitados kaliyan wewaler utawi pantangan ibu nggarbini, ingkang boten pitados wewaler punika para kadang generasi muda ingkang sampun sekolah ing tataran perguruan tinggi (*kuliah*).

Dene dudutanipun saking panaliten Pitutur luhur Wewaler ibu nggarbini saha ibu sasampunipun nglahiraken punika saestu kalampahan ing dhusun Tepus, ingkang ngiyataken tradisi wewaler punika awit wewaler punika turun tumurun saking leluhuripun dhusun ingkang kala semanten saking agami Hindu lan Buda. Sinaosa mekaten wonten generasi muda ingkang sarujuk lan boten sarujuk. Salajengipun wewaler punika wonten pitutur luhuripun babagan ngreksa ibu nggarbini supados lare lahir kanthi lancer lan wilujeng, adhedhasar wewaler utawi pantangan ingkang njagi si ibu lan bayi ing kandhetan (*kandungan*)

SARIPATI

DONNY NASRUL NUGRAHA HADI SAPUTRA. NIM 1950900004

Pitutur Luhur Ing Wewaler Ibu Nggarbini Wonten Ing Masyarakat Jawi Dhusun Tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar Provinsi Jawa Tengah, Skripsi Program Studi Pendidikan Bahasa dan sastra Daerah, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo.2025.

Panaliten punika **nggadhahi tujuan** mendheskresekaken Pitutur Luhur Ing Wewaler Ibu Nggarbini Wonten Ing Masyarakat Jawi Dhusun Tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar.

Landhesan teori ingkang minangka dhasaring panyerat inggih punika; Kebudayaan, Pangertosan Kebudayaan, Wujud Kebudayaan, Pitutur Luhur, Wewaler, Mitos, Nggarbini, Cengkoronganbing Pamikir.

Jinising Panaliten ingkang dipun ginakaken inggih punika panaliten kualitataif deskriptif, dhata, sumber dhata, Teknik ngempalaken dhata, Teknik validitas dhata, Teknik analisis dhata.

Kasil utawi uwohing panaliten ngetingalaken 1) bilih Wewaler ibu nggarbini saha wewaler Ibu sasampunipun nglahiraken saestu mlampah wonten ing Dhusun Tepus Kecamatan Mojogedhang. 2) Wewaleripun ibu nggarbini, wewaler ing tindhakan, wewaler ucapan, wewaler dhaharan, dene semahipun ibu nggarbini inggih wonten wewaleripun. 3) Kejawi nindakaken wewaler ibu nggarbini ugi ngunjuk jampi lan panyuwunan dhumateng Gusti Allah SWT supados badan sariranipun ibu nggarbini tetep saras sae ibunipun ugi bayinipun. Para generasi mudha wonten saperangan ingkang pitados, wonten ugi saperangan mboten pitados kaliyan wewaler utawi pantangan ibu nggarbini, ingkang boten pitados wewaler punika para kadang generasi muda ingkang sampun sekolah ing tataran perguruan tinggi (*kuliah*).

Dene dudutanipun saking panaliten Pitutur luhur Wewaler ibu nggarbini saha ibu sasampunipun nglahiraken punika saestu kalampahan ing dhusun Tepus, ingkang ngiyataken tradisi wewaler punika awit wewaler punika turun tumurun saking leluhuripun dhusun ingkang kala semanten saking agami Hindu lan Buda. Sinaosa mekaten wonten generasi muda ingkang sarujuk lan boten sarujuk. Salajengipun wewaler punika wonten pitutur luhuripun babagan ngreksa ibu nggarbini supados lare lahir kanthi lancer lan wilujeng, adhedhasar wewaler utawi pantangan ingkang njagi si ibu lan bayi ing kandhetan (*kandungan*)

BAB I

PURWAKA

A. Larah larahing Prakawis

Maneka warna kawontenan Suku bangsa Ing Indonesia sampun ngasilaken maneka warna adat istiadat saha kapitadosan saben suku bangsa ing Indonesia. Tamtu kemawon wontenipun adhat istiadhat kasebat, badhe dipun ngrembakakaken dening masyarakat kanthi maneka warna kapitadosan ingkang dipunrasuk. Miturut *teori evolusi* kabudayan, titah manungsa adatipun sampun hanglampahi satunggaling lelampahan ingkang umum utawi *Universal*. Salah setunggal ingkang umum dipunlampahi dening titah manungsa ing donya inggih punika bab kapitadosan dhumateng ingkang tan kasat ing paningal utawi *ghoib*. Kawontenan ingkang makaten punika kalawau ugi dipunlampahi dening tiyang Jawi kanthi turun-tumurun.

Miturut Andrew Betty (2001: 227) ngandharaken bilih satunggaling *etnik*, tradhisi saha tandang damelipun tiyang tiyang Jawa, mesthi gondhelan kalihan kalih prakawis, inggih punika *filasafat* panggesangan ingkang *religius* lan *mistis*, sarta etikaning panggesangan ingkang wujudipun luhuring budi pakarti (*moral*) tuwin hanjujung martabat ingkang luhur lan utami.

Masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar Provinsi Jawa Tengah, tasih mangertos lan pitados dhumateng kekiyatan *ghaib* lan *mistis*, ugi wontenipun lambang-lambang ingkang dipunwarisaken kanthi run tumurun dening para leluluhuripun. Bab punika dipunpitados saged hangayomi dhumateng sadaya panggesanga¹ onten ing ngalam donya. Lambang-

lambang (*simbol-simbol*) punika umumipun kaginakaken wonten ing panggesangan mliginipun wonten upacara utawi *ritual*. Dene upacara-upacara ingkang mawi lambang-lambang mligi kalawau dados kawigatosan dusun Tepus Kecamatan Mojogedang saha dados tradisi ingkang dipunlestarekaken. Salah setunggal saking upacara-upacara punika bab wewaler utawi larangan menawi ibu wawrat (*hamil*) ngrembaka wonten ing dusun Tepus Kecamatan Mojogedang lan ngantos dumugi sapunika tasih dipunpitados kadosta, awisan lenggah wonten tengah kori pangajab manawi nglahiraken boten wonten alangan. Si ibu wawrat kedah sangu gunting alit utawi lading gapit supados tebih saking panggodhaning lelembut *roh-roh* ingkang boten sae.

Wonten ing dusun Tepus Kecamatan Mojogedang, kathah sanget ingkang kalampah wewaler utawi larangan bab ibu wawrat utawi garbini. Wewaler utawi pantangan punika dipunangge ing masyarakat awit anggadhahi makna utawi teges mligi ingkang manawi dipuntindakaken badhe hangayomi dhumateng bab-bab ingkang awon. Wotenipun wewaler utawi awisan karana turun tumurun saking para leluhur dusun pramila sawetawis wewaler utawi pantangan punika dipunpitados dados piweling utawi dhawuh ingkang kedah dipuntindakaken, sebab manawi boten dipuntindakaken saged dadosaken satunggaling kawontenan ingkang boten ngremenaken, malah kepara wonten raos ingkang boten sekeca, rumaosipun saben tiyang ingkang pitados badhe nampi kawontenan ingkang lepat lan wonten kemawon lelampahan ingkang boten sekeca. Miturut Tasrif Syam (Andrew Beaty, 2001: 227) bilih kapitadosan punika raket sanget kaliyan bab *rohaniah* saha

wewengkon panguwaosipun Gusti Pangeran Inggang Murbeng Gesang, inggang sifatipun *mistis* lan *magis*.

Kawontenanipun *mistis* lan *magis* punika kanthi kurmat dhumateng para leluhur (*nenek moyang*) inggang dados cikal bakal, sarta pitados wontenipun kekiyatan *ghoib* inggang tan kasat ing mripat manungsa. Kanthi menika, tiyang Jawi ngginakaken lambang-lambang ing panggesangan budaya lan adat istiadatipun, sae menika inggang wonten sesambetanipun kaliyan leluhur ugi sesambetanipun kaliyan *roh-roh ghaib*. Hangginakaken lambang-lambang sampun katindakaken run tumurun lan tasih dipunlestarekaken dumugi sepriki. Lambang inggang dipun-ginakaken umumipun ing masyarakat Jawi badhe ketingal ing panggesanganipun, wiwit lahir dumugi tilar donya inggang boten pisah kaliyan lambang-lambang kalawau.

Gambaran masyarakat lan kabudayan kados dene kalih kawontenipun arta ing ngajeng lan wingkingipun inggang boten saged kapisahaken, hawit kabudayan sesambetan kaliyan akal lan budi. Kabudayan inggih punika sadaya lelampahan inggang nyakup sadaya kawruh (*pengetahuan*), kapitadosan, keilmuan, sosial, hukum, adhat istiadhat, saha kasagedan sanesipun kangge kaperluwanipun masyarakat (Prasetyo, 2004: 12).

Wonten satunggaling akibat (*konsekwensi*) manawi wewaler utawi larangan bab wawrat utawi ibu hanggarbini menika dipunlanggar dening warga masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedang kadosta ibu hanggarbini pitados bilih nedha pulut lan intip sekul badhe damel ari-ari jabang bayi kelet, lan ugi pitados manawi nedha ing piring alit ari-ari jabang bayi badhe alit. Ing Subang Jawi kilen manawi

Ibu hanggarbini menika ajrih nedha mawi piring ageng, ajrih manawi bayinipun benjing badhe ageng lan damel prakawis nalika badhe nglahiraken.

Ing wewengkon Pulo Jawi menika wonten sirikan ibu hanggarbini manawi dhahar boten kepareng ingkang benter (*panas*) lan kedah ingkang asrep (*dingin*). Kajawi sirikan dhaharan wonten ugi bab ibu hanggarbini boten kepareng medal saking ngriya wanci magrib sebab badhe hanjalari anakipun benjing badhe dados anak gendruwo (*hantu*). Kapitadosan punika dipun ugemi ngantos si jabang bayi lahir (Syafrudin,2009:23).

Adhedhasar kasunyatan (*data*) kedadosan wonten masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedang, wonten sawetawis pitutur luhur (*nilai*) kapitadosan Jawi ingkang sesambetan kaliyan lambang, wewaler Ibu hanggarbini. Pramila kawruh utawi pangertosan budaya Jawi ingkang wonten sesambetan kaliyan ibu hanggarbini perlu sanget dipunmangertosi dening *pelayan kesehatan* supados saged nggampilaken anggenipun ngladosi ing babagan kasarasan, sabab boten sadaya pelayan kesehatan saged nampi wewarah ingkang ngandhet pitutur luhur, satemah anggenipun ngladosi badhe nuwuhaken kedadosan ingkang kurang prayogi dhumateng ibu wawrat utawi hanggarbini tuwin jabang bayinipun, biasanipun para perawat kesehatan ingkang kawruhipun saking donyaning pawiyatan luhur utawi Universitas (Khairunnisa, 2011:27).

Adat ingkang lumampah ing masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedang tasih dipunugemi kanthi sae lan sifatipun run-tumurun. Bab menika katindakaken hawit tiyang Jawi gadhah paugeran minangka cepengan, inggih menika *falsafah* gesangipun ingkang *relegius* saha *mistis*. Ingkang kaping kalih ing

gesangipun kebak etika sarta ngluhuraken aturan derajat gesangipun. Ingkang dados pedoman masyarakat Jawi umumipun lampahipun gesang dipunsambetaken kaliyan Gusti Allah utawi sesambetan kaliyan *mistis* lan *magis*. Tuladhanipun kurmat dhumateng alusipun leluhur utawi *roh* eyang-eyangipun, ingkang kalanipun nuwuhaken kekiyatan ingkang boten ketingal (Herusatoto, 1987:87).

Wewaler utawi larangan dados adat istiadat masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedang dipuntindakaken minangka wujud wontenipun *harapan* utawi pengajeng-ajeng supados luwar saking kawontenn ingkang boten ngremenaken. Sirikan utawi wewaler minangka salah setunggaling adat masyarakat Jawi ingkang dipunanggep dados kukum (*hukum*) ingkang kedah dipunugemi. Hananging kaliyan ngrembakaipun jaman sirikan utawi wewaler punika sifatipun boten mutlak katindakaken, hananging langkung saking kangge tetimbangan mutusaken prakawis. Salah satunggaling tuladha utawi conto bilih wonten ibu hanggarbini ing dusun Tepus Kecamatan Mojogedang kedah nggatosaken wewaler-wewaler ingkang mligi. Awisan ingkang kathah lan mligi menika kedah dipunugemi (*ditaati*), supados saged hanjagi ponang jabang bayi ingkang kakandhet boten nampi alangan menapa-menapa lan gangsar hanggenipun nglahiraken, lan gampil anggenipun ngupakara.

Salah setunggal saking tatacara ibu hanggarbini kasebat ing nginggil wonten gayutanipun kaliyan *mitos*, ibu hanggarbini kedah nindakaken awisan-awisan utawi larangan punika ngrembaka wonten masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar ingkang ngantos sepriki tasih dipunpitados.

Masyarakat ing dusun Tepus Kecamatan Mojogedang mbudidaya supados boten nerak (*melanggar*) awisan-awisan ingkang wonten.

Salajengipun wonten sawatawis ingkang nuwuhaken pitakenan kenging menapa lan menapa kemawon ingkang dados landhesan masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar saged nglampahi sesarengan wonten ing tatanan *modern* menika.

Adhedhasar larah-larahing prakawis ing nginggil wonten panaliten punika badhe kaaturaken irah-irahan: Pitutur Luhur Wewaler Ibu Hanggarbini saha Sasampunipun Nglahiraken Wonten Masyarakat Jawi Ing Dusun Tepus Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar Provinsi Jawa Tengah.

B. Thinthinganing Prakawis

Adhedhasar larah-larahing prakawis ing nginggil, salajengipun ingkang dados thinthinganing prakawis panaliten inggih punika:

1. Masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar Provinsi Jawa Tengah tasih ngginakaken lambang-lambang wewaler utawi awisan ing wekdal ibu hanggarbini saha sasampunipun nglahiraken, ingkang katindakaken run tumurun ngantos dumugi sepriki.
2. Ing dusun Tepus Kecamatan Mojogedang tasih kathah sumebar wewaler utawi awisan-awisan ingkang sesambetan kaliyan ibu hanggarbini.
3. Adat istiadat ing masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedang menika tasih kiyat lan run-tumurun katindakaken, weradin ing dusun sami anindakaken wewarah saking wewaler utawi larangan babagan ibu hanggarbini

4. Wewaler utawi awisan minangka salah setunggaling tatacara adat ing masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedhang, dipuntindakaken kanthi pangajab saged badhe luwar saking kawontenan ingkang boten sae utawi boten dipun pikajengaken.
5. Wonten ing *pelayanan kesehatan* saged nindakaken kanthi adhedhasar warisan leluhur ingkang saged katampi sadaya ibu hanggarbini, sanandyanta boten sadaya saged ngasilaken uwoh ingkang kirang ngremenaken.
6. Pitutur luhur ingkang wonten salebetipun Wewaler ibu nggarbini saha ibu sasampunipun nglahiraken
7. Tanggapanipun masyarakat kaliyan wontenipun wewaler ingkang dipun tindakaken ing dusun tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar

C. Watesaning Prakawis

Saking thinthinganing prakawis ing nginggil supados boten ngambra-ambra, panaliten menika badhe naliti:

1. Sejarah wontenipun wewaler utawi awisan ingkang wonten sambetanipun kaliyan ibu hanggarbini saha sasampunipun nglahiraken
2. Wujudipun wewaler ibu nggarbini saha wewaler sasampunipun ibu nglahiraken katindakaken kanthi tujuan utawi pangajab badhe uwal saking kawontenan ingkang boten ngremenaken, lan wusananipun manawi dipuntindakaken badhe nuwuhaken kawilujengan. Wonten pitutur luhur ing salebetipun nindakaken wewaler ibu nggarbini saha sasampunipun ibu nglahiraken bayi ing dhusun tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar.

3. Tanggapanipun masyarakat dhumateng wewaler ingkang dipun tindakaken ibu-ibu ing dusun Tepus Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar.
4. Tujuanipun wewaler ibu nggarbini saha sasampunipun ibu nglahiraken ingkang dipun tindakaken masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar

D. Underaning Prakawis

Underaning prakawis ingkang dipuntaliti antawisipun:

1. Kadospundi sejarah wontenipun wewaler utawi awisan ingkang wonten sambetanipun kaliyan ibu hanggarbini saha sasampunipun nglahiraken
2. Kadospundi Wujudipun wewaler ibu nggarbini saha wewaler sasampunipun ibu nglahiraken katindakaken kanthi tujuan utawi pangajab badhe uwal saking kawontenan ingkang boten ngremanaken, lan wusanipun manawi dipuntindakaken badhe nuwuhaken kawilujengan. Wonten pitutur luhur ing salebetipun nindakaken wewaler ibu nggarbini saha sasampunipun ibu nglahiraken bayi ing dhusun tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar.
3. Kadospundi Tanggapanipun masyarakat dhumateng wewaler ingkang dipun tindakaken ibu-ibu ing dusun Tepus Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar.
4. Kadospundi Tujuanipun wewaler ibu nggarbini saha sasampunipun ibu nglahiraken ingkang dipun tindakaken masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar

E. Ancasing Panaliten

Cundhuk kaliyan underaning prakawis ingkang wonten nginggil panaliti gadhah ancas antawisipun:

1. Ngandharaken Kadospundi sejarah wontenipun wewaler utawi awisan ingkang wonten sambetanipun kaliyan ibu hanggarbini saha sasampunipun nglahiraken
2. Ngandharaken Kadospundi Wujudipun wewaler ibu nggarbini saha wewaler sasampunipun ibu nglahiraken katindakaken kanthi tujuan utawi pangajab badhe uwal saking kawontenan ingkang boten ngremanaken, lan wusananipun manawi dipuntindakaken badhe nuwuhaken kawilujengan. Wonten pitutur luhur ing salebetipun nindakaken wewaler ibu nggarbini saha sasampunipun ibu nglahiraken bayi ing dhusun tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar.
3. Ngandharaken Kadospundi Tanggapanipun masyarakat dhumateng wewaler ingkang dipun tindakaken ibu-ibu ing dhusun Tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar.
4. Ngandharaken Kadospundi Tujuanipun wewaler ibu nggarbini saha sasampunipun ibu nglahiraken ingkang dipun tindakaken masyarakat dhusun Tepus Kecamatan Mojogedhang Kabupaten Karanganyar

F. Paedahing Panaliten

1. Paedah Praktis

Kangge nambah wawasan lan kawruh penulis sanesipun sarta panaliti piyambak ngingingi papali utawi larangan ibu nggarbini lan sasampunipun nglahiraken warga masyarakat dusun Tepus Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar. Ngaturaken panjurung dhumateng panaliti sanes kangge pambandhing kaliyan wewaler utawi larangan ing nginggil.

2. Paedah Teoritis

Ngaturaken katerangan dhumateng warga masyarakat hanggenipun mangertosi babagan ibu hanggarbini ing dusun Tepus Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar. Ngrembakakaken kawruh lan wawasan panaliti wonten ing mraktekaken ilmu ingkang katampi sadangunipun ngangsu kawruh ing pawiyatan luhur sarta kawruh saking anggenipun sawung ing masyarakat rikala Kuliah Kerja Nyata, tuwin ing dhusun sanesipun.

G. Paedahing Panaliten

1. Manfaat /Mupangatipun ing teori

Badhe muwuhi utawi nambah kawruh (*pengetahuan*) saha wawasan bab pitutur luhur ingkang wonten ing Wewaler utawi larangan ibu nggarbini ing dusun Tepus Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar. Lan ugi minangka dhasar panaliten salajengipun ngengini babagan ibu nggarbini.

2. Manfaat Ringkes / Mupangat Ringkes

Panaliten menika ing pangajab saget dados imbuhing katerangan wontenipun, ing Wewaler utawi larangan ibu nggarbini ing Dusun Tepus Kecamatan Mojogedang Kabupaten Karanganyar.

H. Tatacara Panyerat

BAB I : PURWAKA

Ngandharaken katerangan bab larah-larahing perkawis, thinthiganing perkawis, watesaning perkawis, undheraning prakawis, ancasing panaliten, paedahing panaliten saha tatacara panyeratan

BAB II : LANDESAN TEORI

Ancasipun badhe ngandharaken bab lelandhesan teori, saha Cengkorongning pamikir.

BAB III : METHODHOLOGI PANALITEN

Wonten ing bab menika badhe kaandharaken, Papan Wekdal Panaliten, Methodhologi Panaliten, Sumber Dhata utawi Dhata, Cara Ngempalaken Dhata, Cara Ngesahaken Dhata, Cara Ngolah Dhata, Dudutan saha Ferifikasi.

BAB IV : KASIL SAHA PANGREMBAKIPUN PANALITEN

Gambaran Umum Panaliten, Papan saha wewengkonipun panaliten, Kawontenan Dusun Tepus, Kasilipun panaliten, Kawontenan Budaya Jawi ing dusun Tepus, Wewaler Ibu Nggarbini, Perilaku Ibu Nggarbini,

Wewaler pangucap Ibu Nggarbini, Wewaler Dhaharan,
Wewaler Semahipun Ibu Nggarbini, Wewaler
Sasampunipun Nglahiraken, Tujuan Wewaler Ibu
Nggarbini, Nindakaken Waosan Pandonga lan jampi
Jampinipun Pitutur Luhur Wewaler Ibu Nggarbini, ,
Tanggapan Generasi Muda bab Wewaler.

BAB V : PANUTUP

- A. Dudutan
- B. Pangetrepanipun Kasilipun Panaliten
- C. Pamrayogi

KAPUSTAKAN
LAMPIRAN



BAB II

LANDHESANING TEORI

A. Kebudayaan

1. Pangertosan Kabudayan

Koentjaraningrat (2000: 181) ngandharaken bilih kabudayan kanthi tembung lingga (*dasar*) budaya, ingkang asal usulipun saking basa *sansekerta* ‘*buddayah*’, inggih punika saking wujud tembung jamak ‘*buddhi*’ ingkang nggadhahi teges ‘budi’ utawi akal pikiran. Dados Koentjaraningrat damel watesan bilih ‘*daya budi*’ wujud saking, cipta, karsa, lan rasa, dene kebudayaan minangka uwoh saking cipta, karsa lan rasa.

Koentjaraningrat ugi ngandharaken bilih kathah para sarjana ingkang mbentenken antawisipun budaya lan kebudayaan, ing pamanggih bilih budaya punika saking tembung camboran utawi tembung *majemuk* ‘*budi daya*’, ingkang nggadhahi teges daya saking budi. Nanging wonten salah satunggaling *kajian* utawi panaliten *Antropologi*, budaya dipun anggep saking cekakan utawi singkatan saking kebudayaan lan boten wonten bantenipun. Kebudayaan dipuncetak budaya miturut Koentjaraningrat minangka sumber sedaya gagasan, lan tindakan lan kasilipun karyanipun manungsa hanggenipun nyekapi kabetahanipun dipungadhahi kanthi cara sinau. Kebudayaan minangka satunggaling cara ingkang katata (*sistem*) ngengingi *konsep-konsep* ingkang kawarisaken kanthi wujud lambang (*simbol*), kanthi cara punika manungsa saged sesambetan (*komunikasi*), hanjagi

saha ngrembakakaken kawruh utawi '*pengetahuan*' hanggenipun ngadhepi gesangipun (Abdullah, 2006:1).

Langkung mligi malih (*spepesifik*) saking *E.B Taylor* wonten ing seratanipun '*Primitive Cultures*', ngandhraken bilih kebudayaan ngewrat sadaya pangertosan ingkang *kompleks* saking pengetahuan, kepercayaan, kesenian, moral, hukum, adat-istiadat, lan sadaya kesagedan sanesipun dipun gadhahi kanthi cara sinau. (Setiadi, 2007: 27).

Miturut pamanggih *Tylor* (wonten ing Tilaar, 2002: 37) ngengingi bab budaya kados kaandharaken ing ngandhap punika. Budaya utawi peradaban inggih punika sadaya pangertosan ingkang kompleks saking kawruh, kapitadosan, seni, moral, hukum, adat-istiadat, tuwin sadaya kesagedan-kesagedan lan tumindak ingkang ajeg sanesipun ingkang dipun-gadhahi minangka dados warganing masyarakat.

Sumarwan (2004: 170) ngaturaken pamanggihipun bab budaya, miturut watesanipun bilih budaya punika sadaya pitutur luhur, pemikiran, lambang (*simbol*) ingkang merbawani dhumateng perilaku, patrap, kapitadosan tuwin tingkah laku warganing masyarakat. Budaya punika boten ingkang tan kasad mripat kemawon (*abstrak*), kadosta pitutur luhur (*nilai*), uwohing pikir, lan kapitadosan. Budaya saged awujud *objek material* utawi barang kadosta; griya, kendaraan, peralatan utawi *prabot elektronik*, busana, sadaya minangka tuladha kasil karyanipun manungsa. Budaya ugi uwoh kasilipun garap (*produksi*) manungsa kadosta; aturan utawi undang-undang, dhaharan, unjukan, *music*, *teknologi*, tuwin basa tuladha budaya ingkang wonten ing masyarakat. Satunggaling *objek material budaya*

dipunsebat *artefak budaya (cultural artefac)* utawi *manefestasi material* saking satunggaling budaya. Budaya badhe ngaturaken pitedah dhumateng tiyang bab tingkah laku ingkang saged katampi dening satunggaling masyarakat lan budaya ugi saged ndadosaken tiyang gadhah *identitas* ing wewengkonipun.

Pemahaman dhumateng satunggaling kabudayaan punika badhe benten-benten sadaya gumantung sangu saha wingkingipun ingkang dados dhasar budayanipun. Saking kathahipun watesan saha pangertosan kebudayaan salajengipun saged dipundudud bilih pangertosan kebudayaan inggih punika satunggaling bab ingkang badhe merbawani dhumateng tataran kawruh utawi *pengetahuan* ingkang wonten *ide* gagasan ing pikiraning manungsa, satemah ing panggesanganipun saben dinten kebudayaan punika sifatipun *abstrak*.

2. Wujud Kabudayan

Dene wujud kebudayaan ingkang awujud barang-barang (*benda*) ingkang dipun kasilaken saking riptanipun manungsa, barang-barang ingkang sifatipun nyata, kadosta pola prilaku manungsa, basa, ubarampe gesang, *organisasi social*, *religi*, *seni*, lan sapanunggalipun, ingkang sadaya katujukaken kangge sabyantu manungsa hanggenipun nglajengaken gesangipun ing masyarakat. Budaya inggih punika satunggaling bab dados panggayuh ingkang dhasar tumraping tingkah laku manungsa awit budaya tuwuh lan ngrembaka ing masyarakat wiwit alit. Dados ing seratan punika pangertosan budaya satunggaling kempalaning pitutur luhur minangka dhasar '*cara pandang*' utawi *persepsi*, ingkang dados pepinginan lan tingkah laku kanthi sarana dipunsinau dening keluarga, masyarakat, utawi

bebadan (*lembaga*) sanesipun. Pemanggih sanesipun bilih budaya punika uwoh pangolahing budi manungsa ingkang tumindakipun adhedhasar subositanipun gesang saha tangsah sumarah wonten ngarsanipun Gusti Pangeran Inggang Murbeng Gesang.

B. Pitutur Luhur

Saben masyarakat nggadhahi sistem pitutur luhur (*nilai*) ingkang benten-benten lan turun-tumurun saking para leluhur dhumateng anak turunipun. Pitutur luhur saget asumber saking kapitadosan utawi agami, adhat istiadhat ugi pitutur luhur bab etika sopan santun, ingkang ngrembaka turun tumurun nut jaman kalampahanipun gesang ing masyarakat.

Salah setunggal saking pitutur luhur ing masyarakat inggih punika pitutur luhur. Miturut KBBI (2007: 801), pitutur luhur inggih punika pitutur luhur agama ingkang perlu dipun-gatosaken sarta katindakaken. Awit kanthi punika, pitutur luhur sami kaliyan pitutur ing agama, satemah sesambetan kaliyan paugeran-paugeran ingkang gayutipun manungsa kaliyan Gusti Pangeran Inggang Murbeng Gesang (*Tuhan*). Miturut KBBI (2001: 783) pitutur luhur ing agama satunggaling rancangan (*konsep*) ingkang pangaji-ajinipun warga masyarakat dhumateng prakawis baku ing agama ingkang sifatipun suci, satemah dipundadosaken paugeran tingkah laku hanggenipun mraktekaken agama ing warga masyarakat.

Adhedhasar watesan utawi *definisi* ing inggil saged dipunandharaken bilih ingkang dipunsebat '*nilai religi*' utawi pitutur *religi* punika wonten sambetipun kaliyan satunggaling agama, lan ingkang wonten sambetipun manungsa kaliyan

Gusti Allah ingkang murbeng gesang (*Tuhan*). Saged awujud kapitadosan dhumateng barang-barang ingkang dipunpitados.

Miturut pamanggih Naim (2012: 124), *nilai religi* utawi pitutur luhur *religi* punika sadaya tingkah laku manungsa ingkang dipunaosi, utawi dipunajeni, lan ingkang katindakaken kanthi hanyenyadhang *ridha Allah ta'ala*. Ugi saged dipunsebat sadaya tingkah laku manungsa ingkang kawangun pakarti luhur (*akhlak karimah*), kanthi dhasar pitados utawi iman dhumateng Allah lan badhe tanggel jawab mbenjing ing hari akhir. Wonten ing bab punika, agamaanyakup sadaya pangertosan wonten ing panggesanganing manungsa, satemah lumampah lan saged kawangun akhlak karimah ing pribadining manungsa piyambak-piyambak.

Kanthi makaten samsaya cetha bilih '*nilai religi*' minangka *nilai* utawi pitutur luhur ingkang mangun budi pekerti utawi *karakter* ingkang penting sanget. Kathah pamanggih bilih sambetanipun antawis *religius* kaliyan agama. Kathahing pamanggih punika ngandharaken bilih *religius* boten kedah sami kaliyan agama. Bab punika adhedhasar wonten uwohing pamikir bilih boten sekedhik tiyang ingkang ngrasuk agama, hananging boten nindakaken agamanipun kanthi sae. Piyambakipun saged dipunsebat ngrasuk wonten agama (*beragama*), hananging boten utawi kirang *religius*. Kajawi punika ugi wonten perilaku tandang tanduk ingkang *religius*, hananging kirang nggatosaken dhateng agama. Dados menawi kawawas kanthi umum bilih makna '*Nilai-nilai religius*' utawi pitutur luhur *religius* inggih punika nggambaraken tuwuh sarta ngrembakanipun panggesanagan tiyang ngrasuk agama ingkang dumados saking tigang peranan baku inggih punika; *aqidah*, *ibadah* sarta *akhlak* ingkang dados pedomanipun tindak tanduk

lampahipun manungsa ingkang jumbuh kaliyan paugeran-paugeraning Illahi kangge nggayuh panggesangan donya lan akherat. Dene ing agama dhasaring budaya ingkang lumampah ugi nampi dhasar ingkang nama keimanan, keislaman saha ke ikhsaan.

C. Adat Istiadat

Adhat istiadhat inggih punika satunggaling aturan-aturan (*norma-norma*) ingkang komplit lan rawit (*komplek*) ingkang dipunluhuraken wonten ing panggesangan. Adhat istiadhat punika sanadyan dipunanggep dados pakem nanging kanyatan kanthi lampahing wekdal ingkang dangu tetep wonten ewahipun. Sawetawis miturut Daulima (2007:5) adhat istiadhat inggih punika kumpulan hukum lan aturan (*kaidah*) ingkang sampun dangu wonten ing masyarakat ingkang nggadhahi pikajeng kangge mranata masyarakat. Kaidah –kaidah utawi paugeran paugeran kalawau dipunugemi dening para warga '*persekutuan hukum*'. Saking andharan ing nginggil saget dipundadosaken dudutan bilih adhat istiadhat punika satunggaling tradhisi run tumurun babagan 'tingkah laku padintenan' (*kebiasaan*) saking para leluhur (*nenek moyang*) ingkang ngantos sapunika tasih dipun lestarekaken kangge hanjagi maneka warna ragaming budaya. Adhat minangka aturan-aturan ngengingi sawetawis peranganing panggesangan manungsa ingkang tuwuh ngrembaka saking warga masyarakat ing wewengkon tinamtu ing Indonesia. Saking warganing masyarakat lan dados kelompok *social* kangge ngatur mranata tata tertib tingkah laku warganipun. Adhat punika satunggaling tembung ingkang sampun dipun mangertosi dados '*Het Indische Gewoontezecht*'. Wonten ing basa

Indonesia (KBBI, 2001:87) dipuntegesi minangka hukum ing Indonesia. Sawetawis ing KBBI: 2007 adhat dipunsebat minangka aturan ingkang lazim utawi umum dipunugemi lan dipuntindakaken wiwit kala jaman basa-basa melayu kepulauan dipun-ginakaken dedagangan. Adhat punika wonten ingkang kandel ugi wonten ingkang tipis, lan wonten ingkang samsaya dangu kandel. Wonten Paugeran tingkah laku ing masyarakat bilih paugeran adhat punika sanes aturan hukum. Miturut 'adhat istiadhat perangan saking tradhisi ingkang sampun nyakup ing pangertosan kebudayaan. Awit adhat utawi tradhisi punika saged dipunmaknani minangka warisan aturan-aturan (*norma-norma*) adhat istiadhat. Adhedhasar pangertosan lan pamawas para pinter (*ahli*) kasebat saged dipundadosaken dudutan (*simpulan*) bilih adhat istiadhat inggih punika satunggaling aturan ingkang ngewrat aturan utawi paugeran-paugeraning gesang sarta tindak tanduk ing masyarakat nanging sanes mujudaken aturan hukum.

D. Wewaler

Nurdiansah Nano (2017: 34) Pamali hanggadhahi pangertosan larangan saha sangsi ingkang botes saged dipunukur watesanipun lan tembung-tembung ing pamali dados watesan utawi rambu anggenipun ngrimat donya saisinipun. Wonten ing panggesangan pamali perlu sanget kajagi kawontenanipun kanthi cara dipunwarisaken supados pamali boten ical saking panggesanganing manungsa. Wintala Achmad (2014: 13) bilih budaya pamali minangka budaya warisan para leluhur ingkang kedah dipunmangertosi aturanipun. Larangan lan sangsi kedah saestu dipun mangertosi watesanipun, manawi sampun mangertosi jumbuhipun larangan lan sangsi pamali saged dados tuntunan saha panutan ing masyarakat.

Boten saged dipunselaki bilih saperangan masyarakat Indonesia tasih kathah ingkang ngetrepaken pamali. Budaya pamali kalawau saged dipunpirsani ing budaya Jawi salah setunggal saking adat Jawi inggih menika upacara mantu, kathah sanget larangan ingkang boten kepareng dipuntindakaken, manawi dipuntindakaken larangan saking upacara mantu, lajeng salah setunggal saking penganten badhe nampi kawontenan ingkang boten sae. Larangan ingkang angka setunggal Lu-san ingkang pangertosanipun telu lan sepisan, larangan ingkang angka kalih ingkang wonten sesambetan kaliyan papan panggenan utawi griya ingkang kangge mantu, manawi papanipun kangge mantu wonten sakilenipun calon mantan kakung. Ingkang angka tiga wekdal lamaran lan boyong penganten putri boten pareng medal gunung pegat, supados benjing menawi gesang sesarengan ing bebrayan boten pegatan lan tetep langgeng.

George lan Michel (1995: 46) ngandharaken bilih pakulinan ingkang dados tradisi kadosta, dongeng, lelucon, sejarah lisan, takhayul ugi pamali utawi larangan menika ing masyarakat Jawi tasih wonten lan dipunlestarekaken, kanthi cara tuturan lan dedongan saking tiyang sepuh dhumateng lare anem. Tuturan lan dongeng kalawau isinipun cariyos cara gesang ing bebrayan ingkang ugi kebak ing pamali

Achmad Sri W (2014: 24) pamali sanesipun ing masyarakat inggih menika, pamali 'nyablek' (*memukul*) bokong tiyang estri', awit manawi tiyang estri menika emah-emah badhe padudon kaliyan semahipun. Sanadyanta nyablek bokong boten sakit, menawi dipuntindakaken dening tiyang sepuh menika dipunanggep boten sae (*tidak sopan*). Dados pamali minangka panutan keluarga ingkang isinipun prakawis bab ingkang saged dipuntindakaken saha boten pareng dipuntindakaken,

semanten ugi bab nindakaken bab ingkang kaanggep dhawuh inggih kedah katindakaken sebab sadaya sumberipun namung wonten kapitadosan.

E. Mitos

Tembung '*mitos*' punika asalipun saking basa '*Yunani muthos* ingkang wonten teges aslinipun (harafiah) cariyos utawi satunggaling bab ingkang dipun cariyosaken tiyang. Wonten teges ingkang langkung wiyar mitos tegesipun nglairaken raos pangraos, ugi saged dipunwastani cariyos utawi cariyos satunggaling drama (Roibin, 2009: 193). Mitos ugi saged dipuntegesi bab asal-usul dumadosipun alam donya ingkang samangke punika, cariyos bab kedadosan-kedadosan ingkang boten sakmesthinipun kalampahan ing alam donya papan panggesangan samangke. Miturut kapitadosn cariyos punika saestu dados kalampahan ngkang nyata lan dados cariyos ingkang keramat (Roger M. Keesing, 1992: 106) Salajengipun andharan bab *mitos*, pangertosan *mitos* ngewrat sawetawis sifat (*karakteristik*) ing antawisipun: Satunggaling cariyos ingkang dipunanggep saged nerangaken bab 'leresing kedadosan' lan nggadhahi *sifat fungsional* wonten ing masyarakat, tuladhanipun; kadospundi gesang ingkang leres, salajengipun pandugi satunggiling pitutur luhur ingkang kaanggep leres. Kathah kauningan bilih mitos ingkang ngrembaka ing masyarakat mliginipun masyarakat ingkang tasih lugu, ingkang kawontenanipun sampun beda kaliyan wekdal saderengipun. Saben wilayah kagungan cirinipun piyambak-piyambak ingkang dipunjumbuhaken kaliyan kebudayaan leleuhuripun. Satemah tasih wetahipun mitos ingkang dipunpitados dening masyarakat ing wilayah Magoulick (2008: 29),

boten sadaya mitos punika leres, malah kosok wangsul lepat lan boten *efektif*. Awit tasih kathah warga masyarakat ingkang pitados kaliyan paugeran saha pamikir jaman kina satemah ndadosaken anggenipun mikir boten jumbuh kaliyan kawontenan sapunika. Sesambetan kaliyan donyaning pendidikan, *karakteristik mitos ingkang sifat fungsional* dados nguwasani dhumateng pitutur-pitutur luhur, anggepan, saha paugeran tuntunaning gesang ingkang saged ngarahaken tandang tanduk manusia ing masyarakat. Pramila jumbuh mitos dados paugeran sawetawis sinaosa saking tutur tinular.

F. Nggarbini

1. Watesan Nggarbini

Nggarbini satunggaling lampah (*proses*) ingkang *normal* lan *alamiah*, saben tataranipun Nggarbini dipunentang wiwit dinten sepisanan ibu nggarapsari (*menstruasi*) ingkang pungkasan ngantos dumugi babaran utawi nglahiraken. Nggarbini miturut sawetawis para pinter andharanipun kados ing ngandhap punika:

- a. Miturut Prawirohardjo (2005: 125), Nggarbini inggih punika dipunwiwiti konsepsi ngantos lahiripun janin. Laminipun Nggarbini normal (*40 minggu atau 9 bulan 7 hari*), dipunentang wiwit dinten sepisanan nampi 'haid' utawi nggarapsari ingkang pungkasan. Nggarbini kabagi wonten tigang perangan inggih punika. Triwulan sepisan kawiwitan *konsepsi* ngantos wulan kaping 3, triwulan kaping kalih wulan kaping sekawan ngantos wulan kaping nenem, triwulan kaping tiga saking wulan kaping pitu dumugi wulan kaping sanga. Wonten ugi pamanggih bilih wulan pitu punika rampungipun nggarbini.

- b. Miturut Sulistyawati (2012: 35) *hamil inggih punika kasil saking konsepsi pepanggihipun ovum mateng kaliyan sperma.*
- c. Miturut Nirmala (2011: 17) '*kehamilan minangka proses campuripun sperma kaliyan ovum kirang langkung kawan welas dinten sasampunipun nggarapsari ingkang pungkasan.*
- d. Salajengipun Astuti (2010: 27) ugi ngandharaken bab *kehamilan* utawi Nggarbini. *Kehamilan inggih punika satunggaling wanita mbeta ambrio utawi fetus wonten ing padharanipun. Wiwitipun kehamilan nalika ing wekdal sel wanita uwal lajeng mlebet ing saluran sel telur. Kanthi kompetisi ingkang rapet. Salah setunggal saking sperma punika saged mlebet nimbus dhateng sel tel telur priya.*

Saking sawetawis katerangan ing inggil saged dipundadosaken dudutan bilih *kehamilan* utawi Nggarbini punika satunggaling lampah utawi '*proses*' pinanggihipun *ovum* kaliyan *sperma* ingkang mapan ing *ampula tuba*, dipunwiwiti saking *konsepsi* ngantos lahiripun *janin*, ingkang dangunipun 280 dinten (40 minggu, 9 bulan, 7 hari).

2. Pantangan

Wonten ing basa Indonesia (KBBI: 2007) sami kami kaliyan pantang utawi tabu (*Inggris: taboo*). Tembung aranipun '*kapamalian*'. Tembung punika tunggal makna utawi teges kaliyan '*patrangan*' (*pantangan*), lan '*panyaraman*' (*larangan*). Kapamalian punika satunggaling bab dipun anggep pamali, manawi pamali kalanggar badhe wonten *konsekwenipun* badhe ndadosakenken satunggaling prakawis, kadosta karaosaken ing manah boten sekeca, ing padharan sakit, dheg-dhegan, tuwin ngedalaken riwe utawi kringet ingkang kathah (Larasati 2015).

Maneka warni pantangan lan larangan ibu *hamil* utawi nggarbini kaliyan sasampunipun nglahiraken kados kaandharaken ing ngandhap punika, setunggal mbaka stunggal peprincenipun.

a. Boten Kepareng Nindakaken Sanggama

Nindakaken sanggama boten dipunkeparengaken sadangunipun kawandasa dinten (40) sasampunipun ibu ngalahiraken utawi babaran. Alesanipun sanggama badhe damel pepalang dhumateng lampah kasarasanipun *involusi Rahim*, inggih punika rapetipun Rahim saking ukuran sakawit. Kajawi *fungsi hormonal* badan dereng saestu makarya kados adatipun. Manawi dipunpeksa sanggama, mangke badhe nuwuhaken bab lan kedadosan ingkang maneka warna. Ing antawisipun *infeksi* lan ngedalaken rah (*pendarahan*). Sebabipun mananwi meksa 'margi lahir' sasampunipun nglahiraken badhe riwil sanget kedadosanipun awit kathahipun *vaskularisasi* utawi margi rah ingkang handadosaken ringkih lan sakit. Kaliyan lampahing wekdal, *vaskularisasi* punika samsaya kirang lan badhe normal malih manawi sampun tigang wulan. Dereng malih manawi 'pepinginan sanggama' tasih

kendho awit kuwatosipun jahitan risak lan ajrih badhe nggarbini malih (Larasati, 2015:44).

b. Suku Kedah Jejeg

Wekdal mlampah lan sare leyehe-leyeh, suku kedah jejeg. Dene pikajengipun suku tengen lan kiwa boten kepareng tumpang tindih utawi dipuntekuk. Kajawi supados saking suweking jahitan ing vagina boten samsaya amba lan ngambra-ambra, ugi dipunpikajengaken supados mlampahing rah saged gangsar boten dipunalang-alangi. Menawi kawawas saking cara medis kanthi suku ingkang jejeg punika rah dados saged lancar. Dene pangertosan umum malah kepara kedah dipuntindakaken suku jejeg. Cara medis kalawau kedah dipuntindakaken samsaya cepet samsaya nguntungaken si Ibu hamil. Kanthi cathetan kawontenan ibu kasasaranipun sae, lan boten wekdal pendarahan.

Kajawi patokan bilih wolung jam sepisanan sasampunipun nglahiraken si Ibu sampun saged BAK (*buang air kecil*) lan BAB (*buang air besar*) lan hanggenipun dhahar rahap lan sae. Semanten ugi tekanan rahipun ugi sae saha benter (*suhu*) badanipun sae. Prakawisipun manawi boten saged BAK lan BAB ateges wonten satunggaling bab ingkang boten sae, ingkang badhe dados jalaran kontraksi lan proses involusi utawi pengecilan kembali rahim (Larasati, 2015:44-45).

c. Boten Pareng Sare Siyang (*Tidak Boleh Tidur Siang*)

Sare ingkang kedangon punika boten sae, *makin lama berbaring makin besar pula peluang terjadi pengendhapan elemen-elemen garam*. Salajengipun manawi si Ibu wungu saking sare lajeng jumeneng boten mawi antan-antan

persiapan), ‘endapan elemen kalawau ucul saking tumempelipun ing ‘*pembuluh darah*’ (Larasati, 2015:45)

d. Boten Pareng Jamas (*Tidak Boleh Keramas*)

Awisan utawi pantangan ingkang setunggal punika namung nguwasaken manawi si Ibu badhe masuk angin, minangka gantosipun rikma utawi rambut namung kausap lan kasiram toya alon-alon pamrihipun rikma saged teles. Panyiramanipun ing rikma kanthi alon-alon nggadhahi pikajeng supados ‘darah putih’ saged mandhap lan boten mandheg ing paningal (*mata*). Nanging supados boten mambet (*berbau*) apek lan tetep wangi dipunprayogekaken mawi ratus wangi. Tamtu kemawon lampah utawi tindakan ing jaman sapunika karaos ngawrataken. Langkung langkung kangge ibu-ibu ingkang makaryanipun wonten ing sanjawining griya. Dene siram dipun proyekaken boten jam gangsal (5) kangge siram enjing saha jam enem (6) kangge siram sonten. Hanggenipun ngginakaken toya asrep punika langkung sae, sebab saget mbancaraken ASI kange nyesepi si jabang bayi lan si jabang bayi langkung remen toya susu ingkang anget (Larasati, 2015:45-46)

e. Dhahar Ingkang Akas (*Hindari Makanan Jemek*)

Bab dhaharan ingkang kedah boten dipundhahar kadosta kates (*papaya*), duren (*durian*), lan terong. Hawit dhaharan who-wohan punika nguwasaken damel ‘pawadonan’ (*alat vital perempuan*) punika ‘jemek’ (*becak*). Kajawi punika ugi dhaharan ingkang mawi santen lan pedhes badhe dadosaken boten sekeca ing padharan, tondonipun jabang bayi badhe dherek boten sekeca. Makaten ugi ‘*ikan asin*’ lan tigan tuwin dhaharan ingkang amis-amis punika badhe damel toya sesapan (*air susu ibu*) dados amis, lan dadosaken bayi asring ‘gumoh’ (*mutah*). Dene

pungkasanipun saget damel dangu anggenipun badhe pulih ing sesakit sasampunipun nglahiraken (Larasati, 2015:46)

f. Boten Pareng Kesah Tebih (*Tidak Boleh Pergi Jauh*)

Larangan boten kepareng kesah tebih kanthi tujuan supados si Ibu boten enggal sayah, mangke manawi sayah badhe dadosaken ASI boten bancar (*lancar*). Manawi ASI boten bancar badhe mesakaken si jabang bayi anggenipun nesepe ibu (*menyusu ibu*) badhe mbudidaya nyedhotipun kanthi kenceng. Jabang bayi badhe nangis sebab katilar ibunipun kesah tebih, dene manawi si jabang bayi badhe dipun ajak inggih tasi alit lan kirang prayogi. Menapa malih tindakipun nitih angkutan umum, bab makaten sanget kirang prayogi, wonten kapitadosan wonten sawan utawi virus (Larasati, 2015:46-47).



G. Cengkoronganing Pamikir

